Nomer 17 | Salasa 23 October 1928 (7 Djoemadil'awal 1347) | Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan teng... H. B. Pas... Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA PATAH
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.
LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE: Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom. Dibajar ti pajoen. Langganan langkoeng mirah.

## Nationalisten kasoran.

Pilihan lid raad kaboepaten di Djawa wetan geus meh rengse, boektina geus matja dina roepa-roepa kabar, saha noe kapilih saha noe henteu. Ti antara eta bedja, aja noe ngawawarkeun, nja eta „gentong" Soerabaja alias Toean Zentgraaf, jen kaom nationalisten di Soerabaja (Studieclub) kasoran. Malah kadjaba ti di el-el bari nantjebkeun indoeng leungeun dina toengtoeng irung teh, make di implik-implikkan deuih. Madjarkeun teh, ajeuna nembres pisan jen kaom Marhaen mah teu atjan midoeli kana aksina kaom nationalist at. intellectueel. kitoe bae anis abisanana mah. Djeungna deui, di bisana oge kaom nationalist djadi lid Raad, ngan awahing koe kanjaahna kaom Westerseh bae, madjarkeun teh.

Nilik kana boekti, memang sidik, enja kaom nationalist teh kasoran eleh koe kaom B. B. ambtenaren, sabab noe kapilih teh ngan Wadana-Wadana djeung Tjamat bae.

Tapi moenggoeh koering, samemeh narima kana panjeboet Zentgraaf tea, hajang meunang heula katrangan, naha bener eta kaom noe eleh teh miloe tjampoer baoer kana aksi pilihan, djeung raridoeun dikanidatkeunana.

Sababna noe matak hajang meu[illegible] pedah ti bareto sok ngadenge bedja, jen diantara kaom nationalisten di Oosthoek teh, loba pisan anoe boga toedjoean non-cooperation. Geuning boekti bareto oge, sakabeh oerang priboemi (nationalisten) noe djadi lid gemeente, marenta kaloear, sarta emboeng dipilih deui. Djadi tjiodek koering mah asa-asa teh, tisi kitoe lalakonna. Da ari noe teu miloe-miloe djol-djol diseboet kasoran mah, teu sah.

Kitoe deui, tjeuk koering soteh, asa teu kaharti koe akal lamoen djelema-djelema henteu hajang atawa emboeng diwakilan di raadna koe pantar Dr. Soetomo, anoe geus sakitoe kawentarna, boh tina pangartina, boh tina katjageurananana, soemawonna ari balegna mah.

Tjatjakan lamoen hidji raad boga wawakil pantar kitoe aja opat limana kilangbara ari satengahna mah, koering boga kapertjajaan, tangtoe eta raad teh dina poetoesan-poetoesanana moal satengah mateng, tapi asak sarta moal salah adilna.

Ngan geus tangtoe bae raad noe tjara kieu teh ngabeuratkeun ka noe djadi Voorzitterna, sabab boga lawan anoe sakitoe pentingna, komo lamoen ninggang ka bangsa KOENA-KOENA mah, beuki hoream memeh pek. Kitoe soteh lamoen dipikir koe k o l a k bo . . . .

Tapi lamoen dipikir djero-djerona mah, memang noe djadi Voorzitter oge koedoe miloe ngakal tarekah soepaja di Raadna tea boga wawakil anoe tjarakep, anoe parantes loba loeang-daloeangna, sabab bakal ngoentoengkeun ka ressortna, djeung pikeun manehna pribadi teu koedoe mikir abis-abisan teuing, da boga kapetengan kapetengan tea.

Eta mah aja Voorzitter anoe ngakal soepaja lid-lidna saboleh-boleh b o e e u k b e u n a n g m a b o e k a n woengkoel, tjeuk koering mah pohara kaliroena, sabab poetoesan poetoesan moal sakoemaha matengna, ka rahajat matak asa-asa. Estoe eta mah ngan kapoeoek koe adat boehoen koeno Brawidjojo keneh bae, hajang ngan dima'moeman woengkoel, toer padahal matak tjape maneh, lamoen aja noe kitoe teh. Nja kadjaba lamoen rek mbandelijksche conferentie mah, anoe ngan oekoer ngabagi-bagi parentah, djeung ngawangkongkeun kaajaan dipilemboeran anoe beunang tatalepa tea, atawa papanggihan dina roronda.

Kabeneran pisan, keur tjoerat-tjaret tina hal ieu. ari beh teh, bet aja bedja jen aja protest ti kaom nationalisten, jen bedja „kasoran" ti pers Walanda, teu bener kabina-bina, sabab eta kaom teu mariloe tjampoer kana eta pilihan.

Aja beubeunangan setem sakitoe soteh, madjarkeun teh, koe karepna kiezers bae, lain koe propaganda atawa pangadjak atawa pamaksa stoeming setem anoe pohara ISLAH-NA.

Tah kitoe geuning boektina mah, tjatjakan teu itikoerih . . . . sakitoe, komo lamoen diladangan koe kesang bae; pirakoe.

Poegoeh . . . ., ari koeatna lawan mah, koe koering oge moal dipatjampah, sabab anoe sakitoe njeselna kakawasaan, teu noeroet koe lemah-lemboet, atoeh ditjoba koe kakasaran, henteu keneh bae, beunang koe maksa miroesu, djaba ngemboban koe njingsieunan mah. Entong djaoeh-djaoeh noe dimanah, eta bae dina miilih piloeraheun, kapan aja selentang selenting di hidji tempat mah, patjiweuk, pahiboet, njokotan njere batoer, dipindahkeun kana roeas adoeanana. Koe sabab eta, koering mah boga katetepan, jen dina pilihan teh, tangtoe actiena kaom nationalisten salawasna tangtoe dipegatan koe aksi noe sedjen, kitoe soteh pikeun di tempat-tempat anoe gegedoerna masih kaom b e d i l s o e n d o e t ; ari dinoe nengah, modern mah . . . . . . moal, anggoer mah aja medewerking.

Tina perkara ieu perloe pisan pikeun kaom noe geus hajang miloe marentah mah djadi loeang, mikir-mikir koema pidjalaneunana, sangkan oerang rea tea boga deudeuieuan tina roepa-roepa raad, naon gawena, naon pihasileunana, djalan naon noe ngadatangkeun karoegian maranehanana.

Kitoe deui sanadjan koe koering geus ditjontokeun oge ka Dr. Soetomo anoe pantes djadi wawakil di raad, oerang teh koedoe mere bongbolongan ka djelema djelema, jen oelah sok lamo milih bae, oelah beunang katarik koe kakajaan, kapangkatan, kakiaian, atawa katjapetangan, tapi koedoe loba pisan anoe didjieun alesan, saperti kabalegenana, loeangna, pangartina, wawanenna, lakoe lampahna, djeung adat-istiadatna. Ari toeroenan djeung kabeungharan mah, rasa koering soteh, asa teu koedoe djadi sabab, pikeun koedoe dipilih djadi elid, oerang toenda bae lanan, engke sampeureun ari balik.

Oes Naay.

## Verslag openbare vergadering P. P. P. K. I.

Poë Minggoe tanggal 7 October 1928, P. P. P. K. I. sectie Bandoeng, geus ngajakeun Openbare vergadering, tempatna di gedong Empress-bioscoop Soeniaradjaweg (Kompa) Bandoeng.

Poekoel 9 isoek, gedong bioscoop anoe sakitoe gedena geus pinoeh, nepi ka heurin oesik, djaba anoe narangtoeng di loear lantaran teu bisa asoep, koe kira-kira aja 2000 djalma awewe lalaki.

Nja kitoe deui wawakil ti soerat-soerat kabar henteu koerang, boh soerat kabar Walanda, Tionghwa atawa Indonesia.

Wawakilna ti roepa-roepa pagoejoeban oge henteu koerang, kajaning tjabang Pasoendan Bandoeng, Hoofdbestuur Pasoendan, Hoofdbestuur P. N. I., tjabang P. N. I. Bandoeng, tjabang P. N. I. Padalarang. tjabang Boedi Oetomo Bandoeng P. S. I. Bandoeng, P. S. I. Tjimahi, P. S. I. Garoet, P. S. I. Madjalaja, Pagoejoeban Tirtajasa djeung Hoofdbestuur P. G. B.

Politie anoe ngadjaga ieu vergadering, meunang diseboetkeun leuwih ti tjoekoep. Toean van der Plas Adj. Adviseur voor Inl. Zaken oge aja dina eta vergadering.

Poekoel 9,30 vergadering diboeka koe anoe djadi Voorzitterna Djoeragan Bakrie Soeraatmadja (ti Pag. Pasoendan) sarta anoe djadi Secretarisna Djoeragan Sabirin ( ti P. S. I. )

Voorzitter henteu poho menta ka sakoer noe aja dina eta vergadering, soepaja ninggalkeun eta tempat, lamoen anoe oemoerna koerang ti 18 taoen.

Mimiti Voorzitter ngadadarkeun ringkesana maksoed P. P. P. K. I. sarta nerangkeun jen P. P. P. K. I. teh, kadjaba ti ngabogaan Madjelis Pertimbangan (Raad van Advies) anoe di Voorzitteran koe Djoeragan Dr. Soetomo sarta di Secretarisan koe Djoeragan Ir Anwari anoe tempatna di Soerabaja, djeung ngabogaan Commissie program van actie, anoe ngahedja beunang milih ti roepa-roepa pagoejoeban, nja eta, ti P. S. I. Djoeragan Hadji Oemar Said Tjokroaminoto, ti P. N. I. Djoeragan Ir. Soekarno, ti Pagoejoeban Pasoendan Djoeragan Otto Koesoema Soebrata djeung ti Kaom Betawi Djoeragan Moehamad Hoesni Tamrin. Koe timbanganana Commissie program van actie, katjida perloena di oenggal-oenggal tempat sakoeliah Indonesia, ngadegkeun sectie P. P. P. K. I. Ajeuna di Bandoeng geus aja sectie P. P. P. K. I ti 4 pagoejoeban nja eta Pagoejoeban Pasoendan, Boedi Oetomo, Partai National Indonesia djeung Party Sarekat Islam. Ari anoe djadi Voorzitterna ti Pagoejoeban Pasoendan (Bakrie Soeraatmadja) sarta Secretaris Penningmeesterna ti Party Sarekat Islam (Marjadi).

Djoeragan Gatot Soetadipradja ngadadarkeun adeganana P. P. P. K. I. katjida pissan tetelana, nja eta „Permoefakatan Perhimpoenan-perhimpoenan Politiek Kebangsaan Indonesia". Koe ngaranna-ngaranna oge geus breh bae, jen P.P.P.K.I. teh, pikeun ngarakeetkeun sarta ngahidjikeun djalanna pagoejoeban politiek bangsa Indonesia pikeun kaperloean ngoedag kamerdikaan bangsa katoet ka lemah tjaina. Sagala masalah anoe dibadamikeun dina P. P. P. K. I. mah ngan ngoerengan kana kaperloean sarerea bae, sarta P. P. P. K. I. moal ngadjalankeun hidji perkara anoe henteu karoedjoekan koe sarerea, lamoen aja hidji pagoejoeban anoe henteu ngaroedjoekan moal didjalankeun bae. Ari noe djadi wawakil kana P. P. P. K. I. vergadering henteu toekoeh koedoe bestuurna bae tina pagoejoeban-pagoejoeban anoe ka beungkeut koe P. P. P. K. I. tea, tapi saha bae beunang didjieun wakil, dapon djadi lid tina salah sahidji pagoejoeban anoe aja dina golongan P. P. P. K. I. tapi henteu meunang leuwih ti titoe djalma. Koe sabab P. P. P. K. I. teh, katjida perloena pikeun kamadjoeanana bangsa katoet lemah tjai oerang Indonesia. djadi moenggoehing pikeun oerang Indonesia, djadi hidji kawadjiban asoep kana salah sahidji pagoejoeban anoe geus ngahidji kana P. P. P. K. I. Djalma anoe henteu malire kana kaperloean bangsana, geus lain djalma deui, nja kitoe deui oerang Islam, anoe henteu malire kana kaperloean bangsana, lain Islam sadjati.

Djaba ti eta. djoeragan Gatot Soetadipradja ngadadarkeun pamandanganana rengrengan Volksraad anoe panoedjoe kana ajana P. P. P. K. I. kajaning pamendakna Djoeragan Soetadi, Djoeragan Soeroso djeung Otto Koesoema Soebrata, diaamboeng koe ngadadarkeun pamandanganana rengrengan Volksraad anoe henteu panoedjoe kana ajana P. P. P. K. I. nja eta pamandanganana djoeragan Van Helsdingen djeung Dr. Ratulangi.

Sanadjan dina P. P. P. K. I. aja Non Cooperator, tjenah tapi P. P. P. K. I. moal bisa keuna pangaroehna saha bae oge, sabab anoe diroedjoekan koe sarerea bae.

Koe sabab eta, lamoen hajang meunang kamerdikaan, koedoe boeroe boeroe pada ngadeudeul! (keprok).

Voorzitter ngarasa perloe menta ka vergadering, soegan aja anoe rek mere timbangan, pamandangan nasehat atawa pangdeudeul, tapi sanadjan anoe rek mere critiek oge ditarima bae.

Djoeragan Riboet, njaritakeun jen barang P. P. P. K. I. goemelar ka alam doenja, pihak sanah nepi ka gehger, koe sabab eta oerang sarerea oelah rempan koe perkara kitoe, malah oerang koedoe leuwih lajeut ngahidjina, sabab P. P. P. K. I. teh kaperloean sarerea, sanadjan golongan naon bae oge.

Djoeragan Ahen njeboetkeun jen kawakilan koe pagoejoeban „Tirtasaja" pikeun mintonkeun kapanoedjoeanana kana ajana P. P. P. K. I. koe sarerea P. P. P. K. I. teh koedoe dianggap bapana oerang Indonesia. Koe sabab eta, tangtoe pisan oerang Indonesia teh, koedoe enja-enja ngalakonan saniskara poetoesanana P.P.P. K. I. anoe temahna pikeun kaperloean oerang Indonesia keneh.

Djoeragan Hadji Basri njeboetkeun jen ajana P. P. P. K. I. teh lain djidjieunanana Dr. Soetomo atawa Ir Soekarno, tapi kalawan ditakdirkeun koe Goesti Allah.

Goesti Allah marengkeun P. P. P. K. I. goemelar ka alam doenja, pikeun kaperloean oerang Indonesia soepaja bisa handjat kana tahapan kamerdikaan.

Djoeragan Soedjono njeboetkeun, tangtoe pisan anoe dibadamikeun dina P. P. P. K. I. mah, anoe ngoereong kana kaperloean sarerea, kajaning perkara poenalesanctie djeung sabangsana, koe sabab eta, tangtoe pisan hese bentjahna, moal tjara federatie anoe geus kadjamanan.

Djoeragan Iuoe Perbatasari nembongkeun kapanoedjoeanana kana ajana P. P. P. K. I.

Djoeragan Rasoewidjaja nembongkeun kabandjakalanana, dina vergadering P. P. P. K. I. anoe sakieu pentingna, tapi henteu aja Vakbonden anoe daratang, kadjaba ti Hoofdbestuur P. G. B. mah, moal salah deui meureun sarieuneun koe artikel 161 bis tea.

Djoeragan Hadji Boerhan Kartadiredja, nembongkeun kapanoedjoeanana kana ajana P. P. P. K. I. teh, sabab geus kaerong kaperloeanana pikeun ngahasilkeun darajatna bangsa katoet ka lemah tjai, anoe araja keneh dina doenja kaabdian.

Djoeragan Goenoeng, nanja ka Voorzitter naha P. P. P. K. I. teh, ngan ngagoegoeloeng politiek bae, padahal bab economie oge perloe koe P. P. P. K. I. dipikirkeun.

Voorzitter nganoehoenkeun ka sakoer anoe ngaloearkeun timbanganana kana ajana P. P. P. K. I. sarta ngawalon kana patarosan Djoeragan Goenoeng koe noedoehkeun koedoe matja verslagna Congres P. P. P. K. I. di Soerabaja, koe djalan eta, tangtoe baris bisa meunang katerangan, naon hartina politiek djeung naon hartina economie.

Djoeragan Ir. Soekarno kagiliran pameudakna-pamendakna tina bab P. P. P. K. I.

Kakara oge djoeng nangtoeng, anoe keprok djeung anoe soerak mani ngageoereoh.

Djoeragan Ir. Soekarno njaritakeun jen koe sangkaan pihak sanah, madjar pangna aja P. P. P. K. I. teh, pedah Dr. Tjipto diboeang, malah aja oge anoe njeboet jen P. P. P. K. I. teh djidjieunanana Perhimpoenan Indonesia di Nederland, padahal P. P. P. K. I. djadi sorangan koe karepna somah anoe geus bisa ngarasakeun djeung boga rarasaan. Sanadjan Dr. Tjipto henteu diboeang oge, ari P. P. P. K. I. mah tangtoe ajana.

Sanadjan geus rea anoe djadi wadalna pergerakan, kajaning anoe dihoekoem diboei, diboeang atawa digantoeng, tapi pergerakan mah moal bisa leungit, satoengtoeng tatjan meunang kamerdikaan mah. Oerang Indonesia koedoe ngarasa era, oerang Mesir mah anoe djoemblahna leuwih saeutik geuning ajeuna geus bisa ngaraksa lemah tjai sarta ngatoer [illegible] koe sorangan. Koe sabab eta, perloe pisan oerang ngahidji dina P. P. P. K. I. koe djalan djadi lid tina pagoejoeban politiek kabangsaan anoe geus ngahidji djeung P. P. P. K. I.

Indonesia koedoe gantjang meunang na kamerdikaan!! (soerak anoe katjida ramena).

Voorzitter nganoehoenkeun kana biantarana Djoeragan Ir. Soekarno anoe sakitoe ngagoembirakeunana kana vergadering.

Poekoel 11,10 vergadering ngaso heula lilana 5 menit.

Saenggeusna ngaso lima menit vergadering dimimitian deui.

Voorzitter njaritakeun kasoesahanana kaoem boeroeh, lantaran henteu boga kakoeatan pikeun naekkeun harga pagaweanana, sabab kahalangan koe ajana artikel 161 bis W. v. S. Nja kitoe deui pikeun pergerakan nasional oge kagok pisan rek madjoena, lantaran aja artikel 153 bis djeung 153 ter W. v. S.

Mr. Iskaq kagiliran koedoe njarita.

Mr. Iskaq nerangkeun hartina, grond wet, rechten djeung oendang-oendang hoekoem, toeloej diterangkeun hidji-hidjina sarta pihartieunana artikel 161 bis djeung 153 bis djeung ter, anoe gede pisan babajana pikeun kaoem boeroeh djeung pagoejoeban politiek, sabab ieu artikel-artikel teh lega pisan ngawengkoena, beunang diseraban noeroetkeun koemaha rasa anoe njoerahanana.

Mimitina pangna pamarentah ngajakeun ieu artikel teh, ngahadja pikeun noempes Communisten tapi sanadjan ajeuna di lemah tjai oerang geus henteu aja Communisten oge, ari artikel-artikelna mah aja keneh bae. Djadi tetela pisan ieu artikel teh, ngan samata-mata pikeun ngahalangan madjoena pergerakan somah, sanadjan anoe make dadaser naon bae oge. Koe sabab eta, ajeuna geus lain djamanna, aja keneh artikel artikel anoe saroepa kitoe. Meudjeuhna pisan lamoen ieu artikel-artikel teh ditjaboet deui.

Saenggeusna Djoeragan Mr Iskaq nerangkeun hartina artikel-artikel tea, toeloej Djoeragan Marjadi kagiliran njarita.

Djoeragan Marjadi nerangkeun rea (•)

## Tjoerat-tjaret.

*Kalobaan teuing pangadjaran.*

Dina soerat kabar *De Nederlander*, panglajangna Parte Christelijk 'Historisch, djrg. Mr. Verkouteren, lid 2e Kamer, geus ngadadarkeun naon sabab-sababna pangna bangsa oerang noe terpeladjar ngarasoela. Noeroetkeun tjoektjroekan andjeunna lantaran hiroep koemboeh Indonesia teu bisa mere pagawean sakabeh noe meunang pangadjaran laloehoer. Koe sabab eta, saoerna pangadjaran teh koedoe dikoerangan, saboetoehna sina njamboeng kana kaperloeanana hiroep koemboeh.

Binihna katoegenahan djeung pembrontakan pokna—saenjana dipelak koe oerang sorangan. Oerang saroea bae djeung ngaroeksak kaperloean oerang. *Oerang teh loba teuing ngaloearkeun doeit goena pangadjaran* djadi hartina saroea djeung ngalampahkeun kagorengan, lain kahadean. Kanjaho noe satengah mateng, eta leuwih bahla manan taja kanjaho. Djelema-djelema noe pangpalinterna ngabangoen maneh, pangna pinter teh koe tarekah maranebanana sorangan

Koe pangadjaran mah saenjana batan ditoeloeng anggoer sina roegi.

Kanjaho tina hal kadjelemaan, kadoenjaan djeung ka dirina pribadi, saenjana leuwih gede mangpaatna djeung hargana, batan kapinteran boekoe. Oelah aja noe boga kapinteran, ngaleuwihan tina kaperloean hiroepna.

Roepa-roepana koe pamarentah Indonesia oge ieu ajeuna geus katoong. Aja pangharepan kana djadi bade, tapi di Nederland oge salawasna koedoe hantem diesee-sekeun, jen oepama pangadjaran dikoerangan teh, eta lain matak roegi, tapi ngadjadikeun rahmat (Zegen).

. . . . .

Tah kitoe saoerna djrg. Mr. Verkouteren. Koe noe maos kaoeninga koemaha patoekang-tonggongna kaperloean oerang djeung itoe. Anoe tjeuk oerang koerang keneh; koerang sakola klas II, koerang H. I. S., koerang Mulo, koerang A. M. S. djeung roepa-roepa, tjeuk itoe *geus kalobaan teuing* sarta njoempoet dina toekangeun sabab magah menschenkennis, wereldkennis djaung zelfkennis leuwih hargana manan boekenkennis. Ieu sabab pikeun koering sorangan asa pamohalan. Enja bisa djadi aja djelema noe bol oedjoeg oedjoeg boga menschenkennis, wereldkennis djeung zelfkennis *teu kalawan* boekenkennis. Tapi tina saratoes sabaraha atawa tina sareboe sabaraha. Noe kararieu mah ngan oekoer uitzonderingen, mahiwal ti noe rea, da ari kabiasaanana mah datangna menschenkennis djeung satoeloejna teh dimana geus loba ambahan dina *boekoe*. Ari heg teh deuih ditilik kaajaan di Nagri, noe sakitoe majak sakola handap djeung pertengahan sakitoe parentoelna sakola loehoer, teu weleh ngajangajakeun tarekah geusan ngoengsi harti. Djol pangira ngira, noe kawasa moal sabaraha njimpangna tina enjana, nja eta tiori djeung praktik *newak bangsat koe bongsat*.

Moal gagal si pinter sieun koe kapinteran moesoeh, bisi kapaksa koedoe moendoer mapoelian mangka-mangka Indonesia sakitoe loba kakajaanana, nja di loehoer nja di djero taneuh „Dasa" temen tjeuk oerang Banten mah.

Poegoeh oge ari nimbang-nimbang kaajaan di oerang, kira-kira ti kadjaoehan tjara djrg. Mr. Verkonteren. nadjan noe deukeut oge, ari noe *teu ngarasa* mah moal njaho. Djol bae *sangkaan*—da ari *kajakinan* mah taja petana—madjar loba noe toegenah, doemeh teu *meunang pagawean*. Inghale kapan tjeuk oerang, noe nendjo, ngarasa sapopoë, nadjan noe geus tjarekel gawe, teu weleh loba katoegenah. Da lain koe teu bisa hiroep woengkoel sok djadi toegenah teh, tapi *roepa-roepa atoeran* noe sok *docoem tinggi* noe matak djadi ngarasoela bate. Birakaja pareureum bae oerang dieu teh.

Tapi beuntana tea tatjan sabaraha lilana kakara ti semet oerang *meunang pangadjaran* noe sapadan djeung Walanda.

Toeh noe matak pantes hajangna *ngoerangan* pangadjaran teh, da matak *beunta*. Ana beunta hese dioeroesna, sok talete tatanja, seseleket menta sabab, tjindekna henteu gampang ditjoektjroekna.

Sawadina oerang, sanggeus ajeuna sasat dibere njaho koe peuntas itoe, lebah mana permatian manehanana, koedoe beuki soson-soson ngadjalankeun tarekah sangkan tereh nepi kana saat *papak*.

Djaba ti hajang ngoerangan pangadjaran, ieu djrg. Mr. Verkouteren, oge geus ngadadarkeun timbanganana tina hal hak ngajakeun pagoejoeban djeung ngajakeun pasamoan ('t recht van vereeniging en vergadering), noe engke koe koering bakal kasanggakeun minggoe hareup, soegan taja paoedoer.

A. s. E.

## (*)

pisan anoe djadi wadal (korban) koe ajana eta artikel-artikel teh, koe anoe njarita diterangkeun hidji-hidjina, pangreana pisan, anoe kadjadian pang pandeurina mah, nja eta dina kalangan Party Sarekat Islam, malah rea keneh anoe ajeuna keur noenggoe-noenggoe poetoesan.

Kateranganana Djoeragan Marjadi disamboeng koe Djrg. Notoatmodjo, Djrg. Inoe Perbata Sari, Djrg. Sjarif djeung Djrg. Sastroprajitno.

Kabeh pada nembongkeun ka henteu panoedjoeanana kana ajana eta artikel-artikel teh, sabab rea pisan boektina, sakitoe ngahalang-halangna kana kamadjoeanana pergerakan somah.

Djoeragan Ir. Soekarno kagiliran njarita deui.

Ir Soekarno keukeuh henteu ngarti naon sabab-sababna di Indonesia mah, aja artikel anoe ngahalang-halang kana ajana pamogokan kaoem boeroeh, kapan hak mogok tah di nagara-nagara anoe sopan mah geus diakoe sarta dianggap sah. Kaoem boeroeh djeung kaoem anoe mere pagawean, henteu aja bedana djeung anoe djoeal beuli. Nja kitoe deui artikel-artikel 153 bis djeung ter sarta rea—rea deui artikel-artikel anoe ngagokan kana madjoena drukpers, tapi ieu artikel-artikel teh, rereana keunana ngan ka oerang Indonesia bae, sabab ari Karel Wybrands mah, anoe sakitoe paredesna oge ka pamarentah, geuning henteu kitoe kieu.

Voorzitter nganoehoenkeun ka sakoer noe ngadadarkeun papahamanana tina bab artikel-artikel tea, tetela pisan jen artikel-artikel 161 bis, artikel 153 bis djeung ter, sanadjan maksoed pamarentah pangna ngajakeun eta artikel-artikel teh, pikeun kahardjaan, tjenah, tapi ari karasana koe karereaanana somah, ngan woengkoel nambahan katoegenahan bae.

Vergadering njieun poetoesan, njieun „resolutie" anoe baris diembarkeun ka sakoeliah Indonesia, koe soerat soerat kabar (anoe ti heula geus dimoeat dina Sip).

Samemeh noetoep vergadering Voorzitter njaritakeun jen P. P. P. K. I. sectie Bandoeng boga niat rek ngajakeun Clubhuis, soepaja gampang patepoengna antara lid ti hidji pagoejoeban djeung lid ti pagoejoeban anoe sedjen deui sakoer anoe geus kabeungkeut koe P. P. P. K. I. Nja kitoe deui Clubhuis teh, djaba ti pikeun pagoejoeban—pagoejoeban teh, narima djalma biasa bae pikeun djadi lidna atawa pangdeudeul.

Poekoel 1 15 vergadering ditoetoep.

Versl. Sip.

## Resolutie.

Openbare vergadering sectie P. P. P. K. I. Bandoeng, jang diadakan pada hari Minggoe tanggal 7 October 1928, di gedong Empress-bioscoop Bandoeng, dikoendjoengi oleh oetoesan-oetoesan perkoempoelan Boedi Oetomo tjabang Bandoeng, Pagoejoeban Pasoendan tjabang Bandoeng, Hoofdbestuur P. N. I., tjabang P. N. I. Bandoeng, tjabang P. N. I. Padalarang, P. S. I. Bandoeng, P. S. I. Tjimahi, P. S. I. Garoet, P. S. I. Madjalaja, perkoempoelan Tirtajasa, Hoofdbestuur P. G. B. dan kira-kira 2000 orang laki dan perampoean.

Mendengar keterangan-keterangan tentang beberapa artikel dalam Wetboek van Strafrecht jang menghalang-halangi pergerakan kaoem boeroeh dan politiek nationaal Indonesia, teroetama artikel 161 bis, 153 bis dan 153 ter.

Menginget bahwa artikel 161 bis itoe semata-mata menghalang-halangi hak mogok (sedang hak ini di negeri jang sopan soedah diakoe sah), dan oleh karenanja melemahkan kaoem boeroeh terhadep kepada perboeatan Kaoem madjikan.

Menginget bahwa haatzaaien artikelen dan artikel-artikel 153 bis 153 ter itoe semata-mata djoega merintangi kehendak politiek Nationaal Indonesia dan samasekali bertentangan dengan kamaoean djaman

MEMOETOESKAN:

Menjokong keras dan ikoet bergerak sekoeat koeatnja didalam sectie P. P. P. K. I. mengoesahakan terhapoesnja artikel-artikel itoe tadi dan mengoemoemkan resolutie kepada seloeroeh rajat Indonesia.

Bandoeng, 7 October 1928.

sectie P. P. P. K. I.
Bandoeng.

## Ada rasanja?

Koering mah sok dedengeean koe pokpokanana Besok—Pagi tea, waktoe mareboetkeun Inl. meerderheid, paribasa oerang priboemi dina njiar (njanggrah) gawe sok bevoorrecht, boektina di Bogor ari Inl. meisje mah, ditampa ari Indo mah henteu, atawa di Samarang tea tjenah, ari Inl. jongen mah ditarima ari Idjo mah ditolak.

Koe kakara aja kadjadian kitoe oge, anoe teu atjan poegoeh henteuna, I. E. V. mah teroes audientie ka Besar, sarta niiik boekti ajeuna mah djiga digoegoe oge panoehoenna, da boekti dina B. Timoer anoe kamari ieu aja bedja model pisan:

Aja moerangkalih Banten anoe entas meunang examen ngalamar hidji pagawean anoe geus poegoeh ajana, lapoer teu katampa, tjatjakan sabaraha kali datangna, ari noe katampa mah Indo bae.

Konjoh-konjoh, manehna entas ti dinja nanjakeun aja euweuhna gawe, keukeuh meunang djawaban „euweuh lowongan". Tapi ari isoekna bet aja bedja, bet Sinjoh mah ditarima.

Malah anoe model pisan mah tjenah, eta toean Hoofdingenieur njarita, aja pamarentah Agoeng koedoe ngaheulaan „bangsa" Walanda, keur manehna mah teu aja tempat. Tapi sanadjan kitoe, madjarkeun teh, lamoen maneh baraja oerang mah, tangtoe koe oerang didedetkeun.

Tah kitoe pondokna eta bedja.

Lamoen enja sabedja tea, henteu ngawadoel, beuki ebreh bae ka oerangna, jen enja oerang teh rek dianggapna teh, maloeloe dina lalambe woengkoel, da djeroanana mah kitoe bae geuning. Djadi ana kitoe, oerang mah ngan ditjoo gado maloeloe.

Koedoe koemaha atoeh piakaleunana?

Entong njokot tjonto antawa mikir noe djaoeh-djaoeh, ngeunteung bae ka babatoeran, lakoe lampah I. E. V. koempoelanana sakitoe aloesna, boh leden, boh doeit perlente pisan. Da ari menta teu karana boga tanaga djeung peurah mah, sok tara aja tapakna.

Geuning ari I E. V. mah da santosa, teu boeroeng poegoeh hoealna. Hoofd—Ingenieur teh moal ngomong tamboeh tamboeh, njeboetkeun aja dawoehan noe Agoeng, lamoen teu enja mah.

Geura ari ka oerang mah, oerang priboemi, soemawonna aja dawoehan noe aloes, anggoer ngadawoeh „oenah nampa maneh".

Toeh, di palebah mana oerang koedoe ngeunahna, lamoen enja kitoe sadjarahna mah.

Mangkaning kapan baroedak anoe koetoeh koe gawe sakitoe ngaleutakna, kaloearan ti ditoe ti dieu, ari djalan nampa sakitoe pilih kasihna. Di palebah mana pitengtremeunana.

Nja lamoen teu kapilihna lantaran eleh pangarti, eleh pangabisa sarta teu njoemponan kana EISCHEN mah, teu naon-naon, moal matak seueul angen.

Tina perkara kadjadian noe pantar kieu katjida teu merenahna, lamoen koe noe djadi wawakil-wawakil di oenggal-oenggal raad dibaekeun, tapi perloe ditjoektjroek bener-bener, sarta koe leider-leider diadji pinakiseunana.

Abong deui!

## Koempoelan taoenan „Sekar-Roekoen"

Dina kp. 6—7 October pakoempoelan para nonoman Soenda „Sekar-Roekoen" prantos ngajakeun koempoelan taoenan.

Malem Ahad 6/7 October tempatna di Vrijmetselaarsloge „Masamoan". Noe saroemping seueur. Diantawisna katingal Prof R. A. Dr. Hoesein Djajadiningrat sareng R. Ajoe, Mr. Sartono, Mr. Soenarjo djrg. J. Kats s. d. t.

Oetoesan ti pers: Persatoean Indonesia, Fadjar Asia, Keng Po, De Courant, Sin Po, Pandji Poestaka s. d. t,

Oetoesan ti pakoempoelan pakoempoelan sanes: Jong Islamieten Bond, Pemoeda Indonesia, Jong Java, Jong Soematranen Bond, Jong Bataksbond, P. P. P. I., Pemoeda Kaoem Betawi, Jong Celebes, P. A. P. I Ind. Clubgebouw, Pasoendan, P. N. I., B. O., Moehammadijah, pakoempoelan-pakoempoelan goeroe sareng seueur deui oetoesan pakoempoelan sanes.

Taboeh 9 pasamoan ditoeka koe voorzitter H. B. djrg. Iki nganggo basa Indonesia, sadjabina ti nganoehoenkeun ka soegri noe saroemping, oge didadarkeun maksoed Sekar Roekoen sareng taladjak S. R, kana persatoean Indonesia Kitoe deui diterangkeun koemaha wawanenna, goemelana bangsa Soenda di djaman baheula kana kabangsaan katoet bali geusanna ngadjadi. Kanggo nonoman istri dibantoen tjonto poetri Galoeh (poetri padjadjaran) anoe parantos ngorbankeun raga katoet njawana awahing koe goemela kana kabangsaan. Satoetasna teras oetoesan oetoesan ti pakoempoelan sanes njarios njalametkeun ka S. R.

Saparantosna teras djrg. O. Koesoemah Soebrata biantara tina perkawis „Padvinderij" kalawan ditetelakeun koe lichtbeelden, anoe teu kinten matak narikna kana manah anoe narongton.

Ladjeng ditema koe mintonkeun kabinangkitan Soenda sapertos: katjapi, tembang, angkloeng sareng tooneel. Sadajana kenging disebat teu aja noe awon, komo dina palebah ngangkloeng mani ear djalmi, ningal nonoman noe garandang ngarangge kebat sareng dasi ngarengklak bari ngangkloeng, noe djadi dalang djrg. Moeh. Sata student ti R. H. S. ngais dogdog.

Taboeh 1 wengi pasamoan nembe boebaran.

—o—

Dinten Ahad kp. 7 October tempatna di Ind. clubgebouw diajakeun „koempoelan oemoem", noe saroemping sedeng, oge disoempingan koe oetoesan-oetoesan ti pakoempoelan sanes sareng ti pers.

Ngawitan djrg. Ati. k. Soewardi njarioskeun pandjang lebar koe basa Indonesia tina perkawis „Basa Malajoe di H. I. S.". Oentoeng roegina oepami eta basa diajakeun atanapi dileungitkeun. Angen-angen andjeunna soepados voorklas dileungitkeun, ti klas 1 dongkap ka klas 7 basa Malajoe teu diadjarkeun, ditambah koe klas 8, didinja diadjar basa Malajoe, 6 boelan theoritisch sareng 6 boelan prachtisch. . . . .

Noe debat:

Djrg. Moehidin panoedjoe oepami H. I. S. sadajana digentos koe schakelscholen.

Pamendak djrg. Satjadibrata langkoeng sae basa Malajoe dileungitkeun bae, sarta ngamoega-moega oelah bae djadi provinsie Pasoendan nanging kedah djadi republiek Pasoendan.

Djrg. Sacroen manghandapkeun oepami basa Malajoe dileungitkeun, margi eta basa djadi perhoeboengan priboemi Indonesia anoe ngadeukeutkeun kana persatoean. Andjeunna sanes bae ngaharep kana republiek Pasoendan, nanging oge kana republiek Indonesia.

Djrg. Soeriadiradja panoedjoe Malajoe di H. I. S. sapertos ajeuna bae, masih eta atoeran kenging disebatkeun abnormaal, margi oepami ngemoetkeun kadinjana dioerang mah sagala roepa oge abnormaal. Djabi ti noe kaoenggel diloehoer seueur deui noe ngaloearkeun pamendak tina hal eta,

Saparantosna djrg. Atik Soewardi ngawalon sadajana anoe njarios ladjeng djrg Satjadibrata biantarra tina perkawis „Tatakrama oerang Soenda". Tina ieu perkawis oge seueur noe ngaloearkeun bongbolongan.

Taboeh 2 saparantosna Voorzitter nganoehoenkeun sakali deui ka anoe saroemping, koempoelan ditoetoep.

—o—

Dina koempoelan oetoesan sadajana tjabang tjabang kadjabi ti tjab. Lembang pada ngintoenkeun oetoesan. Koe eta koempoelan taoenan dipoetoeskeun:

a. Sekar Roekoen miloe kana jeugdcongres (P. P. P. K. I.).

b. Ihtiar ngahidjikeun pakoempoelan pakoempoelan nonoman Soenda.

c. Basa Walanda dina panglajang sabisa-bisa koedoe di Soendakeun atawa di-Malajoekeun.

d. Saban taoen tjabang koedoe ngajakeun masamoan.

Anoe kapilih kana H. B.

Voorzitter: Iki Adiwidjaja.
Vice Voorzitter: Kornel Singawinata (Geneesk. Hoogeschool),
Secretaris: Moehamad Sata (Recht hoogeschool)
Secretaris: Djoenaedi (Stovia).
Penningmeesteres: Siti Soeraja
H. B. leden: Soemarni
Moehamad Hoesaeni (Rechtshooge school
Soetaprana
Moehamad Sadli (Handelscursus)
O. Adiwiria
Mareng Soeriawidjaja (A. M. S.)

Koe ajana sarta loeloesna koempoelan taoenan noe kasebat diloehoer, ngajakinkeun hoedangna deui pakoempoelan Sekar Roekoen nja eta pakoempoelan para nonoman Soenda, anoe wadjib dirodjong dibantoean koe pangeusi Pasoendan boh koe djadi elid, elid loear biasa, donateur atanapi langganan serat kabarna noe dikaloearkeun sasasih sakali.

Verslagg.

## Pikiraneun.

Lain pikiraneun tjara kenging djrg. *M, G. K.* noe sok ngambah bangsa noe djero-djero, ieu mah pikiraneun tjetek bae, hatoer loemajan mintonkeun *sesekelan*.

Maloem di alam doenja teu weleh sesekelan. Sesekelan Minahasa tea, sesekelan Soematra tea, sesekelan tanah Djawa tea, . . . ., ajeuna djol sesekelan *Galoeh* . . . . . moen enja sakoemaha tjarita noe kadenge koe koering . . . . ti djalma noe polhara pertjajaeunana. Djadi pikeun koering teu aja sabab pikeun hamham kana benerna bedja.

Saoer noe mawa bedja: Ieuh dibawahan . . . . . mah aja noe aneh. Kapan ki silah njaho, *eta* teu-moal diseboet ngaranna mah 'loemajan *pikiraneun*-ajeuna teh tina *dongkol*, ranggah deui tandoekna . . . .

Djadi deui goeroe? tjeuk koering, . . . Enja. Malah kamari bedjana tas ngadeuheusan ti bendara Tjamat, Tah nja di dieu pikiraneunana teh.

Sanggeus njaritakeun noe perloe, meureun ngadarkeun patjantelna sakola djeung kolot boedak, kitoe deui djeung Schoolkomisi, make dititimplikan koe kasaoeran kieu: „Djrg. kanidat mihape oelah rek tjampoer kana poelitik."

Mangka-mangka eta djrg. kanidat mindo teh lid pagoejoeban poelitik. Meureun saroea bae djeung njaram djadi lid, saoer noe mawa bedja. Hartina noe leuwih djaoeh overheid miloe tjampoer kana persoonlijke politieke overtuiging. Asa mahiwal ti adat di tanah noe geus tjaang.

. . . . . . .

Dipikiran di imah, enja bet asa aheng. Benerna noe djadi ponggawa nagara mah, geus bae ngadjaga katengtreman rahajat noe dipertjajakeun ka andjeunna, entong make djeung tjampoer baoer kana kajakinan djelema. Djaga bae moen matak ngaganggoe kana karahardjaan nagara, tarik ka pangadilan.

Lain koedoe make kakawasaan kapangkatanana.

Meueus leuheung moen naradjang ka noe beledjag wani ngadjawab. Bemoeial, hou die praatjes thuis . . . koema ana naradjang ka noe logak leok, oenggoet kalindoean. gedog kaanginan meureun noe asal geus tikoeuh tikreuh teh, noeringis les bae leungit. Toer oerang kapan koedoe aja pangadjaran heula sagala oge. Pamarentah sorangan geus miwarang diadjar hal kapoelitikan. Noe matak diajakeun roepa-roepa raad. Ari ieu hajoh disingsieun pisan. Atoeh teu bejoe djeung kahajang noe ti loehoer. Kawasna pangna kitoe lantaran sing sieuneun koe taoen 1926 soerta teu

oenggal pagoejoeban poelitik, ngoedag kariboetan: ngageundjleugkeun dajeuh hoeroe hara nagara.

Koering pertjaja, djrg.. „Kanidat" moal keuna ka panggebrag kitoe. Andjeunna tangtoe oeninga iraha djeung di mana koedoe ditembong keunana persoonlijke overtuigingna. Anoe geus djodjeg aatjeg kajakinanana moal rek ngalieuk ka gigir,

Nadjan aja noe bebedja ka koering, nembongkeun ka hamhamanana, ka inggisanana, koe koering dipegat: insja Allah sing pertjaja. Hanas tara ngandjang ngandjang, lain sieun doemeh aja pesenna bendara Tjamat estoe riboet . . . koe damel.

Pirakoe: pangarti tjoekoep, radja kaja teu koerang, moestail nepi ka koedoe ngadjoeal kajakinan. •

Parandene kitoe ketah, ari tjeuk hate mah, noe kieu *pikiraneun*.

Keun oerang pasrahkeun ka specialiteit, noe ahli pikiraneun.

Soekarna.

## Vóorpractijk Hulponderwijzer.

Tanggal 21 Juni '28 P. G. B. parantos ngirimkeun oetoesan ka Departement Ond. en Eeredienst pikeun ngabarempagkeun poetoesan-poetoesan Congres. Salah sawios noe ditjarioskeun tea nja eta dines Hulponderwijzer keur waktos djadi Kweekeling. Noemoetkeun Bisloeit Dept. O. en E. ddo. 2-10—'28 No. D. 3/162/20 parantos diwidian dines keur waktos djadi Kweekeling kenging dilebetkeun pikeun verhooging (tambah) gadjih. Noe kenging dilebetkeun djadi voorpractijk pangseueurna ngan 9 taoen:

Sareng njoehoenkeunana ieu perkawis kedah samemehna ping 1 Juli 1929. (K. Moeda).

## Tina hal Politiek djeung tjampoer kana Politiek.

Sewoe kasoehoen, laksa kateda, wireh djoeragan Redactie keresa ngaloemajankeun, mileuleuheungkeun nampi kana ieu karangan anoe loemajan pisan. Moegi agoeng nja paraloen, moega djembar pangampoera, bok manawa aja ketjap njasab, anoe soemelap sanes dihadja, madoek kana manah para djoeragan panoehoen oelah djadi rengat kana panggalih.

Djoeragan!! Oepami ngemoetkeun kana djoedoelna anoe bade diwajangkeun koe sim koering, nja eta tina hal Politiek, estoe sanes lajakna, henteu satanding djeung diri, teu satimbang djeung awak, kasoep kana wangsalan sindir: piit ngeundeuk-ngeundeuk pasir, djogdjog neureuj boeah loa, tjindekna migawe noe lain tanding. Da pajoesna mah, anoe pantar kieu teh dipojankeunana koedoe koe politicus wedalan sakola tinggi, saboetoehna atoeh koe doe koe tjap middelbaar. Ari peta tea mah lir oepama si Kate ngadjael boelan koe asiwoeng.

Dina nalika ieu, di Tanah Pasoendan geus rajap para Boedjangga, anoe lepoes, anoe loehoeng pinoeh koe panemoe, komo 'la middelbaar mah mani geus rendang. Ka sakoer noe kitoe, sim koering teu petot boga rasa ambon sorangan; tjoendoek taoen seep boelan henteu weleh ngarep-ngarep aja salah sawidji Boedjangga anoe keresa amal saleh, maparin bongbolongan tina hal Politiek; noe dipalar njaeta sangkan bangsa oerang, kana politiek teh oelah ngan oekoer njaho dingaran tamboeh roepa; sabab lamoen tetep kitoe, baloekarna nja matak ngadatangkeun bahla, lantaran adoe renjom marebdeetkeun toedoeh apoengan, toengtoeungna teh tigoebrag kana djoerang delik, nja tjirekem di Hotel Perdio. Kitoe sababna noe matak sim koering kapaksa koemarajap, ngeureujeuh koendang iteuk, ngoengkab paririmbon, seseleket ngoreban pabetekan. Nja ieu kabatoerkeun loemajan, malak mandar aja poepoerieunana sakeproeleun—sakeboeleun.

Djoeragan!! moegi oelah lepat nja njoendaan, anoe bade didadarkeun teh sanes perkawis politiek anoe ditjekel koe Pasoendan, nanging politiek oerang rea sakoemna (in het algemeen). Babakoena politiek pamarentah anoe ditibankeun ka somahan sa-Indonesia, sareng koemaha petana kaom

oomah nja njanghareup, miloe iloebioeng tjampoer kana politiek.

Kadjoeroeng koe oesoem, kagiring koe moesim, geus tjoendoek ka waktoe, ninggang kana oega, teu bisa soemingkir deui, toetoelisan ti Loh Mahfoed, geus lenggang koemolengkang dina djaman Ahadiat, koe kersaha Goesti Jang Widi, hal politiek toeroen toemiba ka Boeana Pantja Tengah, liar djembar soemarambah disoeklakna disikiockna nja nereka dinakoeliah tilas Padjadjaran, toeg


### Hatoer sewoe noehoen.

Kana pitoeloengna Djoeragan Vroedvrouw Soekaesih di Tasikmalaja dina waktos ngadjoeroe poen bodjo dina dinten Kemis ping 18—10—'28 taboeh satengah tiloe endjing sareng orokna kaleresan lalaki,

Ahmad Atmadja.



### TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)

Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat:

Tasikmalaja-Bandoeng via Garoet via-versa

ti Tasik ± djam 5,30 endjing ti Bandoeng ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Garoet via Singaparna. via-versa

ti Tasik ± djam 7 endjing ti Garoet ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Cheribon via Tjiamis en Koeningan via-versa

ti Tasik ± djam 3 soeboeh ti Cheribon ± djam 3,30 soeboeh; ti Tasik ± djam 8,30 endjing ti Cheribon ± djam 8 endjing.

**Stopplaats.**

di Tasikmalaja pajoeneun Toko „Beng"
„ Garoet „ Station S. S.
„ Bandoeng „ „ „
„ Cheribon „ Hotel Canton
Kadjaksaan, sareng pasar Balong.

N. B. Sadaja autobus di merekan T. H. autobus dienst.



### Gratis mah ngadjar basa Walanda

ka andjeun teh teu tiasa, nanging koe majar dina sasasih f 2.— andjeun iasa ngalanggan schriftelijke cursus (pangadjaran diserat) Maleisch Hollandsch (Malajoe Walanda). Ieu pangadjaran katjida gampilna sareng andjeun lebet kirang langkoeng sataoen iasa diadjar basa Walanda.

Sae moendoet bae ti ajeuna perdjangdjian (prospectus) ka:

**Het Algemeen Onderwijsbureau**

**TASIKNALAJA.**



### Woewoehan pangartos andjeun pikeun ngawoewoehan pangasilan.

**Sareng hoermat!**

Hatoer oeninga ka sadaja ajeuna parantos diboeka Kantor pikeun pangadjaran diserat (Bureau voor schriftelijk onderwijs)

Koe bajaran noe katjida moerahna ti f 2 doegi ka f 10 dina sasih andjeun iasa kenging pangadjaran ti ieu kantor.

Babakoena noe diadjarkeun nja eta cursus Kleinambtenaar, Mulo, Stenografie, Typen (ngetik) Boekhouden (njekel boekoe), Engelsch (basa Inggris), Handels Correspondentie, (soesoeratan perkara dagang) Journalistiek Malajoe sareng roepi-roepi deui,

Pangadjaran ieu kantor sae sareng moerah. Sae moendoet gratis perdjangdjian (prospectus) bae ti ajeuna ka:

**Het Algemeen Onderwijsbureau**

**Tasikmalaja.**



### TAFSIR QOER-AN
### AL-FOER-QAN

Melajoe Hoeroef Latijn. Tiap-tiap ajat pakai arti letterlijk, arti rangkaian, noot, arti rengkasan.

Bahagian I dan II soedah terbit. Bahagi III akan terbit pada 1—11—28 Sebahagian f 1.— ongkost vrij

Al-foerqan bahasa Soenda akan terbit pada 1—11—28, harga f 0.80.

Mintalah tjontoh dari
**„Persatoean Islam"**
Penerbit
**BANDOENG.**



### MOAL LAMI

Ajeuna keur ditjitak, kantenan moal lami deui oge parantos, anoe keur pada ngantos-ngantos teh nja eta:

BOEKOE DJODO NOE DIDAGO-DAGO djilid ka II.

Mataf handjakal oepami teu oeninga terasna, tangtos pisan dina djilid anoe ka II mah, langkoeng ti batan djilid ka I.

Oepami ngintoen artos ajeuna, pangaosna moeng f 0,50 diwoewoehan f 0,05 pikeun ngintoenkeunana.

Nanging oepami engke mah. saparantosna seëp njitak kedah f 0.75.

Noe ngadjeng-ngadjeng

**Boekhandel & Drukkerij „Economy"**
Kaoem No. 34
BANDOENG.



Hatoer noehoen ka anoe parantos timpah ngagaraleuh Zakalmenak 1929.

Ajeuna bade diseueuran deui ngadamelna, tjawisan noe tarebih.

Pangaosna? Ah, teu kedah ditaroskeun deui, mirah bae! Sanes f 1,— sanes f 0 50, teu satalen taleu atjan moeng . . . . f 0, 10

Eusina pepek sasih Walanda sasih oerang, manis pahingna, hari besarna, oekoeran-oekoeran sareng roepi-roepi timbangan, rarahan oge pepek, ngagoembirakeun moerangkalih sareng samboeng lajang. Enggal pesen, seëpeun 31 Augustus parantosna.

Noe ngaloearkeun

**Toko Boekoe en Drukkerij**
Tjitandoej v. h. Pasoendan
Tasikmalaja.

N. B, Noe ngagaraleuh ka Agent-Agent teu kirang ti 5 benggol 10 almenak ongkos vrij.



### TEGEL FABRIEK „NAJA"

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijslijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

**S. Najawilaga.**






### Ketoe Oedeng Makerij HALIM




**West Pasar straat 16 Bandoeng**

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**



### INCENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.



Enggal moendoet dikintoen rembours, atanapi ngintoenkeun artos ti pajoen soepados ongkosna langkoeng mirah anggoëun ngagaleuh boekoe-boekoe basa **Soenda:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Wawatjan Enden Joejoe | f 0,75 | panganten) | f 0.20 |
| „ Roesiah noe kasep | f 1,20 | Sawer Pakoean | f 0,20 |
| Wawatjan Hadis | f 0,50 | Aki-aki ogoan | f 0,50 |
| Wawatjan Kangdjeng Pangeran Soemedang | f 0,75 | Hadis Miradj | f 0,50 |
| Wawatjan Sadjarah Ambia ti I doegi ka VII 'a | f 1,— | Boekoe diadjar aksara djeung matja I. IIA. IIB. III à | f 0,45 |
| id. sadjilid tamat nganggo djilid linnen | f 8,25 | Tembang sisindiran | f 1,50 |
| Wawatjan Toendjoeng Woelan | f 0,50 | Wawatjan Pangeran Pandji Danoemaja ti I doegi ka V 'a | f 1,— |
| Wawatjan Ibadah kalawan iman | f 0,90 | id. sadjilid tamat nganggo djilid linnen | f 6,— |
| Wawatjan Mi'radj K. N, Moehammad | f 0,75 | Paririmbon I roepa-roepa alamat impian | f 0.50 |
| Wawatjan Nabi Paras | f 0,50 | id. II | f 0,50 |
| Wawatjan Enden Sari Banon | f 1.— | Wawatjan Soekma Sadjati | f 0 90 |
| Wawatjan Sajidina Amir Hamzah ka II | f 1,— | Tjarita Lali Djiwa | f 0,50 |
| id ka tiloe | f 1,— | Roesiah noe geulis ti I doegi ka III 'a | f 1,— |
| Sadjarah tanah Djawa | f 1,— | id. sadjilid tamat nganggo djilid linnen | f 4,— |
| Sawer Pamalaten (Sawer | | Gondang Djampang | f 0,25 |
| | | Lajang Moeslimin-Moeslimat | f 1,50 |

**Djabi ongkos ngintoenkeun.**

Anoe ngantos pesenan

**Boekhandel & Drukkerij**
**M. I. Prawira-Winata**
Katja-katja Wetan 132 Bandoeng.

N. B. Boekoe-boekoe anoe kasebat di loehoer kenging oge dibon.

nepi ka Galih Pakoean pisan. Dina djaman kiwari lain ngan di nagara rae. dalah di lemboer singkoer manjang-moenjoeng geus ilabar njareboet at. marake ketjap politiek. Demi makena at. ngalarapkeunana ketjap politiek, sok soemawonna di tjoetak dalah di dajeuh oge rea keneh pisan anoe teu merenah, nja eta soelaja reudjeung benerna. Tapi moenggoehing djaman mah ajeuna teh geus oesoem politiek.

Tadi diloehoer koe sim koering parantos didadarkeun, lamoen oesoem geus tjoendoek, djaman geus datang, sanadjan dihadang koe pedang, ditendoeng koe goenoeng tjarek wiwilanganana, geus mo beunang dioelahoelah. The English rhyme say: Time and tide wait for no man.

Hartina soeroed djeung pasang tara ngadagoan. Ari geus oesoem mah nja oesoem bae. Koe sabab ajeuna oesoem politiek, moenasabah pisan oerang njaho atawa ngarti.

„Naon ari Politiek?"

„Sabaraha roepa ari Politiek?"

„Koemaha tjampoer djeung Politiek teh?"

Dina T. H. taoen 1916 No. 17 Djoeragan Mr. J. J. Schrieke, tilas Regeerings Gemachtigde Volksraad, anoe ajeuna noedjoe angkat verlof ka Nagri, dina taoen 1916, parantos biantara tina perkawis Koloniale Raad at. njaeta noe ajeunana djadi Volksraad tea. Andjeunna parantos nerangkeun tina perkawis „Politiek". Kieu saoerna teh: Lamoen oerang hajang nganjahokeun naon boeahna „Decentratie" nja eta boeahna Raad Kaboepaten nepi ka Volksraad, oerang koedoe ngambah laoetan Politiek. Ari ketjap politiek babari diomongkeunana, tapi behditoeeun hese dihartikeunana.

*Samboengeun.*

## Wartos ti Administratie.

Hatoer noehoen ka sadaja para djrg. Lg. S. P, anoe parantos merloekeun ngintoen artos. Sawangsoelna ka sadaja para DJRG. LG. moegi enggal merloekeun atanapi ngawartosan.

Artos anoe katampi ieu di handap diserat.

Lg. No. 195 djrg. S. f 2,— lebet J. F. M. A. '28 Lg No. 887 djrg. Mh. A. f 1,50 kw. II Lg. No. A 540 (1140) djrg. W. f 1,50 kw IV Lg. No. 82 djrg. R. I W. f 1.50 kw. 3 Lg. No. 110 djrg. A f 3,— kw. 3—4 Lg. No 484 djrg. W f 1,50 kw. 3 Lg. No. 659 djrg. R. K. f 1,50 kw. 4 Lg. No. 775 djrg. N. f 2,50 voldaan. Lg. No. 847 djrg. T. S. f 1,50 kw. 4 Lg. No. 898 djrg. Nji M. S. f 1,50 kw. 2 '28 Lg. No. 1070 djrg. M. D. K. f 1,— kw. 4 Lg, No. A 468 (1141) djrg. N. f 1,50 kw 4 Lg. No. A 565 (1142) djrg. N. f 1,50 kw. 4 Lg. No. A 430 (1143) djrg. R. O. f 5,— voldaan Lg. No. 65 djrg. Dj. f 1,50 kw. 4 Lg. No. 373 djrg. M. K. Ki f 3,— kw. 3—4 Lg. No. 766 djrg. M. S. f 3,— kw. 3—4 Lg. No. 882 djrg. S. f 3,— kw. 2—3 '28 Lg. No. 93 djrg. Dr. H. f 1,50 kw. 4 djrg. R, B. W. lebet Lg. No. 1144 artos f 1,50 kw. 4 Lg. No. 361 djrg. R. W. f 1,50 kw. 4 Lg. No. 410 djrg. R. K. f 1.50 kw. 4 Lg. No. 624 djrg. R. N. f 1.50 kw. 4 Lg. No. 752 djrg. S. f 1,50 kw. 2—3 Lg. No. 991 djrg. M. A. A. f 1,50 kw. 3.

Djrg. S. lebet Lg. No. 1146 f 1,— kw. 4 djrg. W. lebet Lg. No. 1147, f1,— kw. 4 Lg. No. 1019 djrg. W. f 1,— kw. 4 Lg. No. 204 djrg. D. f 1,— kw. 4 Lg. No. 1011 djrg. K. f 1,— kw. 4 Lg. No. 715 djrg. W. F. de S. f 1,50 kw. 4 Lg. No. 926 djrg. A f 2 kw 3 djeung 1 b. Oct. Lg. No. 969 djrg. I. K. f 1,50 kw. 4 Lg. No. 1086 djrg. R. S. f 2,50 kw. 4 sareng Jan. Feb. '29 kw. 3 lepat noe leres kw. 4 sareng 2 sasiheun t. '29 Lg. No. A 467 (1148) djrg. M. Dj, M. f 4— kw. 3—4 sareng Mei, Juni '28. Parantos teu kagoengan toenggakan. Djrg. R. S. lebet Lg. No. 1149 artos f 1,50 kw. 4 '28.

# KABAR

(Tina a. k. sanes).

Solo. Di distrik Klaten ajeuna keur pageboeg malaria. Babakoena di desa Planggoe, Semarang djeung Gondangwinangoen.

Geneeskundige dienst ngirimkeun oenggal-oenggal poë mangrawoe-rewoe pel kina pioebareun.

—o—

Parijs: Kapal teuleum 'Parasman noe ngaranna „Ondine" kadoepak koe kapal bissa Griekenland di sisi basisir Portugal. Kapal teuleumna kaleboeh katoet pangeusina. Noe maot 3 opsir djeung 40 matros.

—o—

Londen: Di Glasgow tanggal 12 boelan ieu kareta api diadoe didjero torowongan. Anoe maot 2, anoe tatoe 50. Diantara noe maot aja panganten lalaki noe tas diwalimahan. Panganten awewena ngan tatoe bae.

—o—

London: 13 Oct. Di Inggris keneh, deukeut Charfield, expres diadoe djeung kareta gorobag. Hoeloe kareta api doeanana tidjoengkel sarta kahoeroean. Anoe maot aja 14, anoe tatoe 21 djelema. Ieu kadjadianana poekoel 5 soeboeh, waktoe loba keneh iboen.

—o—

Amerika: Kanidat vice-president Amerika, toean Benjamin Gitlow (bangsa kominis) leungit taja noe nganjahoankeun. Poelisi njangka Benjamin Gitlow dibojong koe lid pakoempoelan Klu Klux Klan, noe katjida gede pangaroehna di Amerika.

—o—

Australie: Anoe marogok di Australie lilana geus 33 poë. Poelisi katjida ripoeheunana ngadjaga. Anoe ngaloengkeun bom nepi ka ajeuna atjan kapanggih. Poelisi baris mere premi f 6000. ka noe bisa nangkep Anoe itoe tjan kapanggih, ajeuna geus prak deui bae ngaraloengkeun bom. Hadena teu aja noe tjilaka Poelisi menta ka pamarentah soepaja premi noe bisa nangkep noe ngaloengkeun bom, ditaekkeun tina f 6000 kana f 24.000.

—o—

Djepang: Pamarentah Djepang moetoes. soepaja soldadoe - soldadoe Djepang anoe araja di Shantung (nagara Tjina) sina maroelang deui ka tanah Djepang.

—o—

Nagri Walanda: Toean Stenhuis di nagri Walanda niat ngaloearkeun koran boelanan, noe toedjoeanana revolutionnair sociaal democratisch, sarta di ngaranan „De Vlam" (= seuneu). Maksoedna rek ngalantah parlementarisme djeung sabangsana. Noe ngabantoe kana eta soerat kabar: Edo Fimmen, Schmidt djeung Hatta.

—o—

Tiongkok: Chiang Kai Sek dibenoem djadi voorzitter pamarentah Nationalis (kabangsaan). Rarantjang ngeujeuk nagara atoeran nationalis geus ditarima sarta disahkeun koe kaom Kuo Min Tang.

Minister doeit, Soong Tse Wen, ngarangkep pagaweanana djadi directeur Generaal Centrale Bank di Shanghai. Ieu Bank dikawasakeun ngaloearkeun soerat hoetang, lobana f 75.000.000.

—o—

Congres Istri: Tanggal 22 nepi ka tanggal 25 December taoen ieu, di Djogja baris diajakeun kongres para istri Indonesia. Comitena ngabantoen tina roepi roepi pakoempoelan istri noe aja di Djogja, sapertos: Wanito Oetomo, Aisjiah, P. S. I., Wanoedijo, Wanito Moeljo, Jong Java kring istri, Jong Islamietenbond kring istri, Poetri Indonesia djeung Wanito Katholiek.

—p—

Loemadjang. Tjan Liong Sing, bangsa Tionghoa di Loemadjang anoe meunang prijs ka 1 tina lotre „Onder de Bogen", gedena f 150 000 niat ngahadiahkeun sabagian tina pameunang lotre ka baroedak bangsa Tionghoa di Loemadjang pikeun njieun sakolana.

Djeung deui andjeunna rek ngadegkeun pasar-malem. Beubeunanganana baris dihadiahkeun ka roeparoepa pakoempoelan.

—o—

Bogor. Di Tjibaroesa aja hadji noe geus kolot, oemoerna 138 taoen. Djoeroekeunana dina taoen 1790. Salamah ajeuna oge djagdjag keneh, bisa leumpang lalakon 5 pal, ngaranna Hadji Achmad.

—o—


**Herregistratie sendjata api.**

Dalam boelan October dan November '28 pada tiap-tiap hari Senen dan Kemis di kantor Wedana Tasikmalaja ada kesempetan bagi memasoekan lagi dalam register sekalian sendjata api (herregistratie)

Kepala district Tasikmalaja,
**Adikoesoema.**



**TOKO**

**NIC MULLER**

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

**TASIKMALAJA.**

SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Remboursa ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di dessa.

kabar djeung atoeranana kenging di toko.

Pangaos compleet moeng f 12.50

Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep raksoekan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi. Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes² Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pendekna ka perloean toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela. Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan hate.

Noe ngantos
**NIC MULLER.**



**Schoenmakerij en Kleermakerij**
„Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pamegat atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe katoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen
**O. Sasmita.**



**Toko „BENG"**

tel. No. 2

TASIKMALAJA.

Sajagi roepa-roepa barang noe marodel, saperti sendok, garpoeh, peso medja, peso lipet, peso tjoekoer, sareng goenting mesin ramboet, sanesna ti eta njondong lampoe baterij roepi-roepi merek. Eveready, Winchester, Simmons, Aja deui noe langkoeng model lampoe batre noe alit teu matak ridoe ageunganna sami sareng dompet, teu kinten terangna, sareng mirah hargana ngan f 0,80. Tina reservena sajagi tina sagala merk.

Bedil B. S. A. ajeuna toeroen harga, mangga saroe bae ka toko Beng.

Ajeuna djaman kamadjoean, lamoenna bade ngarot oelah pisan ngaleueut tjai samarangan nja eta tambana kedah ngagadoehan Filter (saringan tjai) noe matak ngawalagrikeun kana salira.

Sadjabi ti eta rewa deui barang-barang noe marodel sesah ditoelisna lamoen ditrangkeun saroepi-roepina barang.

Salagi roepi-roepi landong, sareng arak obat „Hipprocrates."



**TAN JOE AN**

**TOEKANG GIGI**

Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes



Wawatjan Lajang Sech Abdoel Kodir Djaelani tamat 100+50 manakib pangaos f 4.—

Kantoen saentik deui. Soekoena kandel ageung djilid karton dikembang-kembang

Weweling ka noe aranom sareng sepoeh f 0.30 katangan Boedjangga Djoeragan Aria Mangoenredja, teu kedah dipoedji deui.

Noe ngantos pesenan
R. Tisnawidjaja.
Penningmeester B. K.
Djadjawaj
Tasikmalaja.

Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.



Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem di

**HOTEL SLAMET**

**BANDOENG.**

Kebondjatiweg 41

angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3 —
„ II f 1.50 „ f 2.50

sonten vrij thee, endjing endjing kenging koffie soesoe. endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng
**E. Carno**
Eigenaar.


## BEKENDMAKING.

De REGENT van Tjiamis maakt bekend, dat vanaf den 4 den dezer gedurende 4 weken ter Regentschaps-Secretarie en de onder dit Regentschap ressorteerende districtskantoren dagelijks uitgezonderd op zon-en feestdagen-vanaf 9 uur v. m. tot 1 uur n. m. voor een ieder ter inzage liggen, de ontwerp begrootingsrekening 1927 en de ontwerp-begrooting 1929.

De Regent van Tjiamis,
**Sastrawinata.**

## PEMBERIAN - TAHOE.

BOEPATI Tjiamis, mewartakan bahwa moelai tanggal 4 boelan ini dalam tempo 4 minggoe, di Regentschaps-Secretarie dan di kantor-kontor district bawahan Kaboepaten Tjiamis, saban hari ketjoeali hari Minggoe dan hari Raja dari djam 9 pagi sampe djam 1 siang disediakan boeat dilihat oleh siapa jang menghendaki, begrootingsrekening 1927 dan Rantjana begrooting 1929.

BOEPATI Tjiamis,
**Sastrawinata.**


**Toko Boekoe**

**TROMP DE HAAS**

voorheen toko **WEBER**

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Sajagi roepi-roepi: **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **penmas** pikeun vulpen.



**Preanger Chemicaliën Handel**

**TASIKMALAJA**

**Telefoon No. 76.**

Sajagi wedak salicyl noe **seungit** sareng wedak moerangkalih **seungit,** Eau de Cologne (kolonjo) Lavendel, Malati, Roses.

Katja panon model noe panganjarna tina nekel, double, mas sareng tiasa marios sotjana sakalian.

Noe ngantos pesenan
**VISSER**
Ass. Apotheker en Opticien.